

Rezime Egzekitif

Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten (Metropolitan Planning Organization, MPO) Rejyon Boston nan, te kreye Plan Sansibilizasyon Piblik sa (Plan an) pou bay enstriksyon pou reyalize angajman ki efikas nan pwosesis planifikasyon transpò rejyonal la. Plan an oryante Pwogram Sansibilizasyon Piblik (Public Outreach Program, POP) MPO yo, ki konpoze ak tout aktivite sansibilizasyon, rankont piblik, ak kominikasyon yo, pou asire ke tout manm piblik la—ki enkli moun sistèm transpò a mal desèvi yo epi/oswa ki manke aksè nan pwosesis pou pran desizyon an—gen opòtinite pou fè pati pwosesis planifikasyon metwopoliten an. POP a oryante efò MPO yo pou ofri opòtinite kontini epi enpòtan pou manm piblik la enfliyanse jan MPO a pran desizyon planifikasyon transpò nan rejyon Boston nan. Plan an endike pwosedi ki oryante POP a.

Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration) ak Administrasyon Transpò Piblik Federal la (Federal Transit Administration) revize Plan an. Manm piblik la gen yon opòtinite pou fè kòmantè ak sijesyon anvan konsèy MPO a apwouve Plan an pandan tout devlopman ak peryòd kòmantè piblik la. Plan an enkli detay

- konpozisyon MPO Rejyon Boston lan;
- vizyon pou sansibilizasyon piblik, enstriksyon ak prensip MPO yo;
- opòtinite pou ou enfòme epi enplike nan aktivite MPO yo;
- enstriksyon pou rankont MPO, Komite MPO, ak rankont MPO a patwone yo;
- avi ak pwosedi; ak
- enstriksyon fizik, vityèl, ak enstriksyon pou aksè nan transpò.

MPO Rejyon Boston nan ankouraje kòmantè piblik la. Dokiman sa disponib sou sitwèb MPO Rejyon Boston nan, anplis [Liv POP](#) a. Pou tout kesyon oswa kòmantè, tanpri kontakte Kowòdonatè Sansibilizasyon Piblik la, nan publicinfo@ctps.org oswa 857.702.3658.